# МЕКТЕПЛЕРДЕ ӘДЕБИЯТ САБАҒЫНЫҢ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИН АСЫРЫЎДА КОНСТРУКТИВЛИК ОҚЫТЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Тобаназаров Азамат Пирназарович**
Өзбекстан Педагогика Илимлери Илимий-изертлеў
институти ҚҚР филиалының еркин излениўшиси
Azamat-15@umail.uz

**Аннотация**
Автор бул мақалада дүнья педагогикасының раўажланыўда үлкен орны бар конструктивлик оқытыўдың илимий-теориялық тийкарлары, оның өзиншелик тәреплери ҳәм мектеплерде қарақалпақ әдебиятын, соның менен бирге, прозалық шығармаларды оқытыўдың нәтийжелилигин арттырыўда, заман талабы сай рәўиште әдебий билим бериў процесине енгизиў зәрүрлиги ҳәм әҳмийети туўралы сөз етеди.

**Гилт сөзлер:** Педагогика тарийхы, конструктивизм, оқытыў, әдебият сабағы, байланыслық ҳәм зәрүрлик, талап ҳәм әҳмийетлилик.

Ҳәммемизге мәлим болса керек, өмир ҳешқашан стандарт түспейди. Ол түсиниксиз, қурамалы ҳәм ҳәдден тысқары реңбе-рең.Соның ушын да жас әўладты өзи еркин пикирлейтуғын, стандарт емес жағдайлар, қурамалы турмыслық ҳалатларда ең дурыс жолды табыў жолларын излейтуғын етип оқытыў бүгинги билимлендириў системасындағы ең әҳмийетли мәселе.

Пән ҳәм техника раўажланыўының ҳәзирги бағдары ҳәм де инсан психологиясының ҳәзирги дәрежеси оқытыў процессин басқаша философия тийкарында шөлкемлестириўди талап етеди. Бул талап нәтийжесинде XX әсирдиң екинши ярымында педагогикалық әмелиятка трансакция философиясы енгизиле басланды.Бул философия билим окыўшылардың өз ис-ҳәрекетлери, талпыныслары нәтийжесинде олардың өзлери тәрепинен өзлестирилиўин нәзерде тутады. Бул философияға гөре билимлендириў системасы ҳәм процессинде билим емес, оқыўшы шахсы бас қәдирият деп есапланады. Сондай-ақ, оқыўшы оқытыўшы менен биргеликте оқытыў процессин әмелге асырылатуғын субъект сыпатында статусқа ийе болады. Бул дәўирге келип илим-пән раўажланыўы сондай дәрежеде жетиўи арқасында енди оқыўшыларға пәнлердин тийкарларын үйретиў мүмкин болмай қалды. Илим-пәнниң тезлик пенен раўажланыў алдын адам қыялына да келмеген бир қатар машқалаларды келтирип шығарды. Оқыўшыларға қайсы пән тийкарларын, канша муғдарда, қашан ҳәм қәйтип үйретиў мәселесин шешиў жүдә әҳмийетли болып қалды.

Конструктивизм кейинги ярым әсир даўамында жәҳан педагогикасында ҳәм илимий-теориялық қарас, ҳәм әмелий жөнелис сыпатында кеңнен ен жайылды. Бул илимий дүньяқарастиң аты латынша “constructio”– “қурылма”, “қурылыс” сөзлеринен алынған болып, оған гөре оқытыў оқыўшылардың искерликлери нәтийжесинде билимлер конструкцияланады, яғный белгили бир логикалық қурылма ҳалатына алып келетуғын процесс.

Бул швецарияли көрнекли философ ҳәм педагог Жан Пиаже, заманагөй америка педагогикасининг атасы есапланатуғын Джон Дьюи, белгили рус психологи Л. С. Выготский, америкалы психолог Бенжамин Блум сыяқлы алымлардың оқытыўды шөлкемлестириў психологияси, педагогикасы ҳәм философиясына байланыслы көзқараслары тийкарында жүзеге келген.[1.608]

Алым Қ.Йулдошев бул илимий мәселе ҳаққында өзиниң «Глобалласып атырған дүнья ҳәм оқытыўдың интерактив усыллары» деген мақаласында былай жазады: «Философиялық тийкар педагогика пәнинин де, әмелиятының да маңызын аңлатады.Инсаният тарийхы менен тең болған педагогикалық әмелият, улыўмаластырып алғанда,үш тийкарғы философиялық жөнелис тийкарында шөлкемлестирилип кыятыр.Бул философиялық педагогика илиминде трансмиссия, транформация, трансакция тәризинде аталады.Қоспа сөзлерден ибарат бул атамалардағы trans сөзи латынша болып, «арқалы», «арқалы өтиў», «қураллар арқалы өтиў» деген мәнилерди аңлатады. »

Алымның тастыйықлап өткениндей-ақ, Трансакция педагогикалық философиясы бир мәкан ҳәм заманда жасап атырған ҳәр бир адам әлемди өз көзқараслары арқалы көреди, демек, ол әлем ҳәдийселерин де тап сондай тәризде өз күши менен үйрениў керек деген пикирлерге тийкарланады.

Бул педагогикалық философия оқытыў процессинде әлемди үйрениўге тек оқыў предмети көзқарасынан алып қараўды бийкарлайды.Ол адам әлемниң ҳәдийселерин бөлеклерге бөлип емес, балким бир пүтин толық өзлестириледи. Сол мазмунда оқытыў да усы тийкарда шөлкемлестирилиўи лазым деп есаплайды. Буның ушын оқытыў процессинде әлем ҳәдийселеринин маңызын аңлататуғын илимий нызамлылықлар түсинсе болатуғын формада берилиў зәрүр деп қарайды.[2]

Оқытыўды шөлкемлестириў ҳәм жолға қойыў барысында бундай педаогогика илиминиң тарийхындағы өзгерислер кейинги жылларда жер жүзлик дәрежеде барған сайын кең ен жайып баратырған интерактив методларды жүзеге келтирип шығарды. Интерактив усыллар еркин пикирлейтуғын, еркин изленетуғын оқыўшыларды қәлиплестириўге бағдарланғанлығы менен итибарға ылайық. Билим бериўдиң бул усулында оқытыў процессиндеги тийкарғы жумыс окыўшылар тәрепинен әмелге асырылады, олар билим бериўдиң объекти емес,бәлким субъекти , яғный тап

оқытыўшылар сыяқлы орынлаўшы болыўы көзде тутылады.Интерактив методлардың тийкарында оқытыў оқытыўшы менен оқыўшылардың биргеликтеги искерлиги ғана емес, ал билим алып атырған ҳәр бир окыўшылардың өз-ара биргеликте дидактикалық искерлик көрсетиўи алып қаралады.[3.8]

Трансакция педагогика философиясы интерактив методлардың жүзеге келиўи ушын сондай пикирлер базасы сыпатында хызмет қылады. Бул педагогикалық философия оқыўшылар билимлендириўдиң катнасыўшылары емес, балким орынлаўшылары болыўы ҳәм бул процесте өзлери өзара биргеликте әмелге асырыўы кереклигин нәзерде тутады. XX әсирдиң екинши ярымында жүзеге келген конструктивизм деп аталған педагогикалық-философиялық жөнелис тиккелей интерактив усылларның жүзеге келиўине илмий-теориялық негиз болды.

Әдетте, конструктивистлик принциплерди сыпатлайтуғын окытыў орталығы дәстүрли орталықтан улыўма бөлек. Конструктивистлик көзқарасқа тән болып келетуғын окытыў үлгиси ўақтында оқыўшылар ойларына келгенин ислей алмайды. Керисинше, бул орталықта оқытыўды жақсылаўға бай тэжрийбелер қәлиплесиў керек. Негизги өзгешеликлери**,** конструктивистлик билим бериўди дәстүрли билим бериўден ажыратып көрсететуғын бирқатар өзгешеликлери бар. Дәстүрли билим бериўде негизги оқыўшының көнликпелерине баслы нәзер қаратылады. Оқыў бағдарламасын аз-азлап (мысалы, темалар, бөлимлер) менен таныстырады. Муғалимлер оқыўшыларға берилетуғын хабарды дидактикалық методлардың көмеги менен жеткереди ҳәм ҳәр сораўға оқыўшылардың жуўап бериўин талап етеди. Оқыўшылардың оқыўын баҳалаў менен билим бериў бир-бирине уқсамайды және баҳалаў, негизинен, көбирек тестлер арқалы жүргизиледи. Оқыўшылар жеке, өз бетинше жумыс орынлайды.

Конструктивлик оқытыў төмендегидей баслы принциплерди өз ишине алады:

1.Оқытыўдың әҳмийетин оқыўшыларға түсиндириў.

2.Оқытыўды негизги концептилер дөгерегинде иске асырыў. 3.Оқыўшылардың пикир айтыўына мүмкиншилик бериў және оны хүрметлеў.

4.Оқыў бағдарламасын оқыўшылардың шамасына сай бейимлестириў.

5.Баҳалаўдын билим бериў контекстине сай келиўи.[4.367]

Конструктивлик оқытыў менен дәстүрий оқытыўдың бир-биринен өзгешеликлери [5]

| Конструктивлик (курастырылған) оқытыў | Репродуктивлик (Дәстүрий) оқытыў |
|---|---|
| 1 | 2 |
| Оқыўшылардың қызығыўшылығы хәм сораўларына жуўап береди. | Қатаң оқыў бағдарламасына әмел қылады |
| Оқытыў киши бөлеклерге уйрениў менен үлкен идеяларға тийкарланады. | Оқытыў көнликпелерге баслы дыққат қаратылады, ал оқыў бағдарламасы улыўма идеяға жетиў ушын бөлеклерде оқытылады |
| Оқытыўшы оқыўшыларға басшылық және өзара ис-хәрекет етиў ушын жуўап береди хәм шарт-шараят жаратады. | Билим бериўши оқытыўды басқарыўға жуўап береди яки оқытыўшы билим бериў басқарыў ушын тиккелей жуўапкер; |
| Оқытыўшылар оқыўшыларға қарым-қатнас арқалы билим жаратыўда жәрдем береди | Оқытыўшылар хабарды таратады, ал оқыўшылар билим алады. |
| Оқыўшылар өзара хәрекетлесиў арқалы алдын-ала түсиниў негизинде билим жыйнайды | Оқыўшылар қайталанатуғын тәжрийбе арқалы билим алады. |
| Билим оқыўшылардың түсиниги менен бирге турақлы раўажланып турады | Билим алынады, соннан кейин тоқтап қалады |
| Процесс жудә әхмийетли, сонлықтан бахалаўда әдеттеги жумыслардан басқа оқыўшыларға хәр қыйлы тапсырмаларды орынлағанына қарай баха алады. | Тестлер хәм басқа жазба жумысларды алыў арқалы қыўшылардың бахасы көрсетиледи. |
| Сабақлар негизинен топарларда өткериледи | Билимлендириў искерлиги тийкарынан еркин. |
| Оқытыўды оқыўшының тулғалық раўаж ланыўы, өзин-өзи жетилтирилтириўге бағдарлаў | Барлық оқыўшыға бирдей талап қойылады. |
| Ашық және еркин түрде хәрекетлениў | Тайын оқыў материалларын өзлестириў |
| Жәмийетлик тәжрийбе арқалы үйрениў | Анықлықты талап ететуғынн оқыў хәрекетлери |
| Инновациялық мүмкиншиликлерди кеңнен пайдаланыў, технологияларды өзлестириў | Берилген мазмунды бағдарлама, оқыўлық, китаплар бойынша оқып үйрениў |
| Өмирде зәрүрли мақсетлерге жетиў ушын компетенцияларды өзлестириўге үйретиў | Оқытыў арқалы билим, көнликпе хәм уқыплылықларды қәлиплестириў |

Улыўма алғанда, мектеплерде қарақалпақ әдебиятын, соның менен бирге, прозалық шығармаларды оқытыўдың нәтийжелилигин арттырыўда, заман талабы сай рәўиште әдебий билим бериў процесине инновациялық педагогикалық технологияларды енгизиўди жетилистириўде, солардың қатарында конструктивлик оқытыўды қолланыў хәм тәжрийбеде сынап көриў мақсетке муўапық. Өйткени,оқыўшылардың әдебий билимлериниң конструкцияланыўы негизде сабаққа болған қызығыўшылығы асады,өз бетинше үйрениў арқалы билим хәм көнликпелери толықласады, өзин-өзи раўажландырыў нәтийжесинде кәмил инсан болып қәлиплесиўине мүмкиншилик

жаратылады. Усы мәнисте алып қарағанда, ҳәзирги мектеп әдебий билимлендириўиниң нәтийжелилилигин асырыў-бүгинги күнниң дәўир талабы болып табылады.

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР**

1. Шунк Дейл Х.Оқыту теориясы: Білім беру көкжиегі.-Алматы:«Ұлттык аударма бюросы» коғамдық қоры, 2019, 608-бет.
2. Йулдошев Қ.Глобаллашаётган дунё ва ўқитишнинг интерфоал усуллари//Халқ таълими, 2007, 6-сан
3. Ражабова И.Адабиёт дарсларини интерфаол усулларда ташкил этиш.Т.., «Тамаддун» 2010, 7-8-бетлер
4. Шунк Дейл Х.Оқыту теориясы: Білім беру көкжиегі.-Алматы:«Ұлттык аударма бюросы» коғамдық қоры, 2019, 367-бет
5.Шаталова Н.П.Азбука конструктивного обучение: монография.-Красноярск, «Научно-инновационный центр», 2011, стр 204.